№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;

**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);

**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW

**Marziyaev J.K.**

*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Annotatsiya**: Bul maqalada jurnalist kadrlar tayarlaw, Qaraqalpaqstanda jurnalistika tálimin jolǵa qoyıw, atap aytqanda, Qaraqalpaq mámleket universitetinde jurnalistika táliminiń tariyxı, tálim baǵdarında oqıp atırǵan studentlerdiń tabısları, islep shıǵarıw salasında tálim baǵdarın tamamlaǵan qánigelerdiń tabısları keń kórsetilgen.

**Gilt sózler:** Qaraqalpaqstan, Qaraqalpaq mámleket universiteti, student, magistratura, xalıqaralıq baylanıslar, jurnalist, qánige, tálim baǵdarı, universitet, oqıtıwshı, maman.

**Аннотация:** В данной статье подробно освещаются вопросы подготовки кадров журналистов, становления журналистского образования в Каракалпакстане, в частности, история журналистского образования в Каракалпакском государственном университете, успехи студентов, обучающихся по специальности «Образование», и успехи специалистов, окончивших специальность «Образование» в производственной сфере.

**Ключевые слова:** Каракалпакстан, Каракалпакский государственный университет, студент, магистрант, международные отношения, журналист, специалист, образовательное направление, вуз, преподаватель, квалифицированный.

**Abstract**: This article extensively covers the training of journalist specialists, the establishment of journalism education in Karakalpakstan, in particular, the history of journalism education at Karakalpak State University, the successes of students studying in the field of education, and the successes of specialists who have graduated from the field of education in the production sphere.

**Key words**: Karakalpakstan, Karakalpak State University, student, master's student, international relations, journalist, specialist, educational direction, university, teacher, qualified.

**Kirisiw:** “Biz ǵalaba xabar qualları tımsalında óziniń tereń bilim hám tájiriybesi, biybaha talant hám sheberligin xalqımızdıń informaciya tarawındaǵı konstituciyalıq huqıqların támiyinlew, mámleketimizde insan qádirin ulıǵlaw, adamlardıń sana-sezimin jetilistiriw, jámiyetimizde ashıq-aydınlıq ortalıǵın bekkemlew, global informatsiya mákanında milliy máplerimizdi qorǵawday ullı mártebeli jumıslarǵa baǵıshlanǵan jankúyer hám miynetsúygish insanlardı

kóremiz» - dep atap ótken edi Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev [1]. Haqıyqatında da, huqıqıy demokratiyalıq jámiyet qurıwdı aldımızǵa maqset etip qoyǵan ekenbiz, biz aldı burın ǵalaba xabar quralларınıń erkin jumıs alıp barıwına hám jurnalistlerdiń sóz erkinligine itibar qaratıwımız kerek. Usı orında aytıp ótiwimiz orınlı, jurnalist kadrlardı tayarlap berip atırǵan joqarı oqıw orınlarındaǵı tálim baǵdarlarınıń da ornı ayırıqsha. Bul baǵdarda Ózbekstanda bul baǵdarda keń kólemli jumıslar qolǵa alınǵan. Atap aytatuǵın bolsaq, 2018-2019-oqıw jılınan baslap Ózbekstan jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciyalar universiteti ashıldı. Qalaberse, mámleketimizdegi kóplegen universitetlerde jurnalistika hám málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar tálim baǵdarları jolǵa qoyıldı. Bul baǵdarda Qaraqalpaqstanda alıp barılıp atırǵan jumıslar boyınsha toqtap ótsek.

**Tiykarǵı bólim:** Qaraqalpaqstanda joqarı maǵlıwmatlı jurnalist qánigelerdi tayarlaw Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde (*sol waqıttaǵı T.Shevchenko atındaǵı Nókis mámleketlik universiteti*) dáslep 1983–1984 – oqıw jılınan baslap jolǵa qoyıldı. Bunnan soń qabıllaw ayırım sebeplerge kóre toqtatıladı. Lekin, 1989–1990–oqıw jılınan baslap qaytadan qabıllap baslaydı. Mine sonnan berli universitette ashılǵan jurnalistika tálim baǵdarı mámleketimizge bir qansha joqarı maǵlıwmatlı jurnalist qánigelerdi tayarlap berip kelmekte.

1983–jılı tálim baǵdarı ashılıp jolǵa qoyılǵan waqıtta tájiriybeli ustazlardan K.Mámbetov, E.Berdimuratov, Q.Maqsetov, Q.Sultanov, S.Axmetov, A.Dáwletov, Yu.Paxratdinov, G.Esemuratov, I.Ótewliev Sh.Usnatdinov, K.Reymov, Sh.Ayapovlar studentlerge jurnalistika kásibiniń bilim hám sırlarınan sabaq berdi.

1989–1990 – oqıw jılınan baslap jurnalistika tálim baǵdarına úlken dıqqat qaratılıp, qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası quramında "Ádebiyat teoriyası hám jurnalistika" kafedrası bolıp ashıladı. Kafedraǵa filologiya ilimleriniń doktorı, professor K.Mámbetov basshılıq etti. Bunnan sońǵı jıllarda bolsa, M.Djumamuratova, A.Abdimuratov, Z.Qojıqbaeva, B.Palwanov, Yu.Paxratdinov, D.Bekbawliev, Z.Orazımbetova, D.Bekbawlievler basqardı. Házirgi waqıtta bolsa (2022–jıldıń dekabr ayınan baslap) kafedraǵa filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent J.Marziyaev basshılıq etip kelmekte.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 1999–jılǵı 26–fevral 88–sanlı qararına tiykar, sol jılı universitette Jurnalistika óz aldına bólim sıpatında hám onıń quramında Jurnalistika kafedrası bolıp qayta dúziledi. Bólimge dáslep professor B.Ábdikamalov, bunnan soń Sh.Ábdinazimov, B.Genjemuratov, B.Palwanovlar basshılıq etti. 2005–2006–oqıw jılınan baslap tálim baǵdarı qaytadan Filologiya fakulteti quramına qosıladı.

Oqıw isleri tarawında kafedra jámááti bir qansha jetiskeliklerdi qolǵa kirgizip kelmekte. Atap aytqanda, Respublikamız joqarı oqıw orınları pedagogları ortasında ótkeriletuǵın "Joqarı bilimlendiriw orınlarınıń eń jaqsı pedagogı"

tańlawlarında belsene qatnasıp, 2017–jılı f.i.k., dotsent M.Djumamuratova "Eń jaqsı pedagog-izertlewshi" nominaciyası boyınsha, 2019–jılı PhD., dotsent T.Masharipova da "Eń jaqsı pedagog-izertlewshi" nominaciyası boyısha jeńimpaz boldı.

Sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018–jıl 10-oktyabr kúngi "Joqarı bilimlendiriw orınların oqıw ádebiyatlar menen támiyinlew haqqında"ğı 816-sanlı Qararı hám Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń 2022–jıl 10-iyun kúngi "Oqıw ádebiyatlardı basıp shığarıwğa usınıs beriw procesin sanlastırıw haqqında"ğı 197-sanlı buyrığı tiykarında tayarlanğan bir qansha sabaqlıq hám oqıw-qollanbalar baspadan shığarıldı.

Sońğı waqıtları jurnalistika tarawınıń áhmiyetli máselelerine arnalğan bir qatar monografiyalar da jazılıp baspadan shıqtı. Máselen, Z.Orazımbetovanıń "Qaraqalpaq kúndelikli baspasózi tili" (2019), T.Masharipovanıń "Publicistika teoriyasınıń bir pútin koncepciyası" (2016), A.Abdimuratovtıń "Pisatelskoe slovo-golos narodnoy sovesti" (2021), J.Marziyaevtıń "Mustaqillik yillari qoraqalpoq matbuotida ekologik muammolar talqini" (2022), E.Jarimbetovtıń "Qaraqalpaq baspasózinde ádebiyat máseleleriniń analizi: jantasıwlar, tendenciyalar hám mashqalalar" (2023), G.Kallibekovanıń "Qaraqalpaqstan tarawlıq gazetalarınıń tili hám stillik ózgeshelikleri" (2023), Q.Begniyazovanıń "Jurnalistikada giperteksttiń ózine tán ózgeshelikleri hám onı jaratıw algoritimi" (2024), M.Kudaybergenovtıń "Házirgi zaman Qaraqalpaqstan balalar baspasóziniń tematikası hám janrlıq-stillik ózgeshelikleri (2017-2021-jıllar mısalında)" (2024) atlı monografiyaları baspadan shıqtı.

Kafedra ağzalarınan mámleketlik sıylıq hám ataqlarğa da erisip atırğan ustazlar qatarı kóbeyip barmaqta. Atap ótetuğın bolsaq, M.Djumamuratova (2022), A.Abdimuratov (2023) hám D.Bekbawliev (2023), B.Nurabullaevlar (2024) Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarğı Keńesi Prezidumınıń qararına muwapıq "Watan pidayısı" kókirek belgisi, T.Masharipova "Jıldıń belsendi jurnalisti" nominaciyası jeńimpazı (2014) hám "Ibratlı hayal" kókirek belgisi, E.Jarimbetov (2022) Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarğı Keńesiniń "Húrmet jarlığı", J.Marziyaev (2023) "Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ağlası" menen sıylıqlandı.

2020-2021-oqıw jılınan baslap kafedra quramında respublikamız mákeme hám shólkemlerine málimleme xızmeti (baspasóz xatkeri) qánigelerin tayarlap beriw maqsetinde 60320200-Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar tálim bağdarı ashıldı.

Sonıń menen birge kafedra quramında 2018/2019-oqıw jılınan tálim bağdarınıń sırtqı bólimi de jolğa qoyılıp, bul respublikamız ğalaba xabar quralları

tarawında bir neshe jıllardan berli xızmet kórsetip kiyatırǵan hám jumıs sebepli kúndizgi bólimde oqıw imkaniyatı bolmay kiyatırǵan jaslar hám xızmetkerler ushın úlken imkaniyatlardıń biri boldı.

2003/2004-oqıw jılınan baslap kafedrada magistratura basqıshı da jolǵa qoylıdı. Magistraturanı tamamlaǵan bir qatar magistrantlar búgingi kúnde ilim, pedagogika hám respublikamızdıń bir qatar óndiris tarawlarında xızmet kórsetip kelmekte. 2024/2025-oqıw jılınan baslap “Málimleme xızmeti hám jámiyetshilik penen baylanıslar” hám “Baspa isi hám redaktorlıq” qánigelikleri boyınsha da magistratura basqıshı ashılıp, magistrlar tayarlanbaqta. Házirgi kúnde kafedrada magistratura basqıshı boyınsha 4 qánigelik bar bolıp, olarda 30 ǵa jaqın magistrant tálim almaqta.

Jurnalistika tálim baǵdarında “Jas jurnalistler” dógeregi jumısı jaqsı jolǵa qoyılǵan bolıp, bul dógerekke qatnasqan kópshilik student-jaslar arasınan mámleketlik stipendiya hám ataqlı stipendiya tańlawı jeńimpazları da kópshilikti quraydı. Olardan atap ótetuǵın bolsaq, A.Orazımbetova “Zulfiya” atındaǵı mámleketlik sıylıq iyesi (2013), G.Nurımbetova Nawayı atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2007), G.Alniyazova Nawayı atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2008), G.Seytnazarova Prezident mámleketlik stipendiantı (2016), G.Dawletbaeva Prezident mámleketlik stipendiantı (2023), M.Mershieva Berdaq atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2009), S.Esemuratova Berdaq atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2015), A.Dabılov Nawayı atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2023), O.Latipov İ.Yusupov atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2023), A.Kemalova “Umid Uchquni” kókirek belgisi (2019) hám “Ǵárezsizlik bayramı 30 jıllıǵı” kókirek belgisi menen (2021), D.Qallibekova “Mirzo Uluǵbek vorislari”, “Eng yaxshi turizm loyiha”, “Uzbek voice” respublikalıq tańlawları jeńimpazı (2023) hám 2024-jılı Ózbekstan Respublikası Joqarı bilim, ilim hám innovaciyalar ministrligi hám QR Joqarǵı Keńesi baslıǵı tárepinen “Tashakkurnoma” menen, A.Qalbaeva “Umid uchquni” kókirek belgisi (2021), B.Jartıbaeva Qazaqstan Respublikası Qos qanat fondı shólkemi tárepinen shólkemlestirilgen “Altın qıran” kókirek belgisi menen (2023) hám Berdaq atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2024), N.Baltaniyazova Nawayı atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2024), A.Abibullaev “Watan pidayısı” kókirek belgisi menen (2024), G.Kuanıshbaeva “Kelajak bunyodkori” sıylıǵı iyesi (2024), G.Jaqsımuratova “Úmit ushqını» kókirek belgisi menen (2024) hám İ.Yusupov atındaǵı mámleketlik stipendiantı (2024), D.Saparbaeva “Úmit ushqını” kókirek belgisi menen (2024) sıylıqları menen sıylıqlanǵan studentler qatarı barshılıq.

2023-jıldan baslap tayanısh doktorantura basqıshı da jolǵa qoyıldı. Házirgi waqıtta 10 ǵa jaqın doktorant tálim almaqta.

Kafedranıń xalıqaralıq baylanısları da jaqsı jolǵa qoyılǵan. Bul baǵdarda kafedra aǵzalarınan B.Paluanov IAMCR (International Association for Media and Communication Research) shólkemi aǵzası sıpatında 2008-jılı Shveciyada ótkerilgen konferenciyada óz bayanatı menen qatnastı. Sonday-aq Polsha (2016), Qazaqstan (2020), Portugaliya (2017), Ispaniya (2018), AQSH (2023) xalıqaralıq seminar hám treninglerge belsendi qatnasıp keldi. Al, 2015-jıldıń iyul ayında Polshanıń Poznan qalasındaǵı Adam Michkeevich universitetiniń siyasiy ilimler hám jurnalistika fakultetinde shólkemlestirilgen "Jańalıqlar sawatlılıǵı" jazǵı mektebinde grant jeńimpazı sıpatında qatnasıp tájiriybe almastı. Sonday-aq, Evropa Awqamınıń Erasmus Mundus baǵdarlamasınıń TOSCA joybarı sheńberinde grant jeńimpazı bolıp, Portugaliyanıń Portu universitetinde 2011-2012 jılları ilimiy stajirovkada boldı. Germaniyanıń DAAD baǵdarlamasında ilimiy izertlewler grantınıń jeńimpazı bolıp, 2013-jıldıń sentyabr-noyabr aylarında Berlin Erkin universitetinde ilimiy izertlew jumısların alıp bardı. 2003-jılı bolsa FEP baǵdarlaması grantın jeńip alıp, AQShtıń Missuri universitetinde 4 ay dawamında qánigeligin jetilistirdi.

Sonday-aq, kafedra aǵzası Ya.Genjemuratov 2010-2014-jıllarda Polshanıń Adam Michkeevich universitetinde, student-jaslardan J.Zarımbetova 2012-2015-jıllarda Polshanıń Krakov qalasındaǵı Yagellonian universitetinde, B.Jiemuratova 2011-2012-jılları Bishkektegi OBSE akademiyasında, G.Axmedova 2012-2013-jıllarda Latviyanıń Latviya universitetinde óz bilimlerin jetilistirip qayttı. B.Sultamuratov bolsa 2016-jılı Evropanıń ataqlı universitetlerinde (Portugaliya, Belgiya, Slovakiya, Italiya), J.Iskenderov 2018-jılı İtaliyanıń Lakullya universitetinde almasıw baǵdarlamasında qatnastı. I.Abiev 2021-2022-oqıw jılında Polshanıń Bialistok universitetinde qánigeligin jetilistirdi.

Jurnalistika qánigeligin pitkergen pitkeriwshiler arasınan jámiyetimizdiń hár túrli salalarında jemisli miynet etip atırǵan jaslardıń kópshiligi mámleketlik sıylıq hám ataqlarǵa, húrmet jarlıqlarına iye bolıp atırǵan shákirtlerimiz sanı da kópshilikti quraydı. Olardan ayırımları Ózbekstanǵa xızmet kórsetken jurnalist hám Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken jurnalist mámleketlik ataqlarına iye bolǵan bolsa, ayırımları ǵalaba xabar quralları tarawında ótkeriletuǵın úlken tańlaw esaplanǵan "Altın qálem", "Jıldıń eń belsendi jurnalisti" hám basqa da tańlaw jeńimpazları bolıp kelmekte.

**Juwmaq:** Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstanda tájiriybeli jurnalist qánigelerdi tayarlawda Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde jolǵa qoyılǵan jurnalistika tálim baǵdarı óz xızmetin baslaǵannan berli mámleketimizdiń ǵalaba xabar quralları tarawına, sonıń menen birgelikte, mámleketlik basqarıw organları tarawlarına da jetik tájiriybeli qánigelerdi tayarlap kelmekte. Óz náwbetinde bul tarawda xızmet alıp barıp atırǵan qánigeler jámiyetimizde júz berip atırǵan waqıya

hám hádiyselerdi iyelegen kásiplik bilimi hám minnetlemesi tiykarında sáwlelendirip mámleketimizdiń sotsiallıq-siyasiy, ekonomikalıq, mádeniy, ruwxıy-aǵartıwshılıq tarawlarınıń rawajalnıwında óz úleslerin qosıp kiyatırǵanın joqarıdaǵı mısallardan anıq kóriwimizge boladı. Usılardan kelip shıǵıp, tálim baǵdarın ele de rawajlandırıw maqsetinde tómendegilerdi usınıs sıpatında keltiriwdi maqul kórdik:

- Teoriya bilimler menen ámeliy bilimlerdi tıǵız birge alıp barıw;
- Student-jaslar arasında tez-tez jurnalistlik dóretpeler boyınsha hár qıylı tańlawlardı ótkerip barıw;
- Ustaz-shákirt sistemasın jaqsı jolǵa qoyıw;
- Dual tálimdi shólkemlestiriw;
- Tálim baǵdarında “Jas jurnalistler” dógereginiń jumısın ele de jetilistiriw;
- Student-jaslardıń oqıw ornınıń ózinde telekórsetiw hám radioesittiriwler tayarlap barıwı ushın kishi studiyalar menen támiyinlew.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**


1. Mirziyoev Sh.M. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga bayram tabrigi // https://president.uz/uz/lists/view/5294
2. Xudoyqulov M. Jurnalistika va publitsistika: O’quv qo’llanma. – Toshkent: Tafakkur, 2011. – B. 288.
3. Ernazarov Q. Reportyorlik faoliyatining nazariyasi va amaliyoti. – T.: O’z.MU. 2002.
4. Muminov A. Jurnalistika - ijtimoiy institut sifatida. – T.: O’zMU. 1998.
5. Bekbauliev D.O. Davlat mustaqilligi yillarida Qoraqalpoǵiston davriy matbuoti (1991-1994 yy) // tarix f.n. diss. avtoreferati. – T., 1997. – B. 26
6. Kojıkbaeva Z. Qaraqalpaq publitsistikasında sud ocherkleri. – Nókis. Qaraqalpaqstan. 2009. – B. 32.
7. Masharipova T. Publitsistika teoriyasınıń bir pútin kontseptsiyası: ilimiy-metodologiyalıq analiz. — T.: Mómtoz sóz, 2016. – B. 292.
8. Allambergenova P. Jurnalistikada janr masalasi.// O’zbekistonda xorijiy tillar. –T. 2020, №1(30), 158–165.
9. Proxorov E.P. Iskusstvo publitsistiki. Razmıshlenie i razborı. – M.: «Mısl», 1984. – S.359.
10. Cherepaxov M.S. Tainstvo masterstva publitsista. – M.: «Mısl», 1989. – S.150.
11. Jurbina E.I. Povest s dvumya syujetami. – M.: «Sov. Pisatel», 1979. – S.300.
12. Tertıchnıy A.A. Janrı periodicheskoy pechati. Uchebnoe posobie. – M.: Aspekt Press, 2000. – S.310.

13. Marziyaev J.K. The principles of the development of present Karakslpakstańs mass media // International Scientific Journal (ISJ) Theoretical & Applied Science. – Philadelphia, USA. 03 (83), 500. Impact Factor ICV=6.630. Published:2020. – P.274-277. https://dx.doi.org/10.15863/TAS.2020.03.83.52

14. Marziyaev J.K. Rol i mesto publitsisticheskix janrov v sovremennoy karakalpakskoy pechati // Vestnik Chelyabinskogo gosudarstvennogo universiteta. - Chelyabinsk. No 6 (260) 2012 g. – Str. 88-92. https://cyberleninka.ru/article/n/rol-i-mesto-publitsisticheskih-zhanrov-v-sovremennoy-karakalpakskoy-pechati/viewer

15. Kamalova D. E. Rol xudojestvennoy detali v karakalpakskix novellax [The Role of Artistic Detail in Karakalpak Novels]. // Donetskie chteniya 2021: obrazovanie, nauka, innovatsii, kultura i obrazı sovremennosti: Materialı VI Mejdunarodnoy nauchnoy konferentsii. – Donetsk: İzd-vo DonNU. 2021. – s. 139-142.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRININŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida**)** | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

***Ilimiy-metodikalıq jurnal***